Ассаламу гІалайкум!

# Ахихъан

№ 25 (7165)
19 июнь 2015 с.
Рузман
Багьа 5 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с.

Унсоколо районалъул газета «Садовод»

sadovoduns@yandex.ru

«Зирани» СППКялде - сапар

## ГІи-боцІиялъ хайир кьолеб буго







«Зирани» СППКялъ гІицІго теплицаялда бахчабазул культура г1езаби гуребги цІикІкІараб кІвар кьола гІи-боцІи хьихьиялдеги. Зама-заманалдасан гьез лъола откормаялда боцІи. Гьедин гьез дагьаб цере ричана 9 хІайван, гьезухъ лъикІаб гІарацги щун буго маг1ишаталъе.

ГьабсагІаталда СППКялъул буго I300 бетІер гІиял, гьездасан ккола 845 бетІер чахъабазул, чІахІияб боцІул буго 36 бетІер. Гьезие бажарун хъулухъ гьабулеб буго МухІамадов МухІамадшарипица. Гьал къоязда гьезул гІи-боцІи гъутаналдаса росулъе рачІана. Гьел лъикІаб кьаралъиялда ругилан бицана СППКялъул председатель М-ХІ. Имангъазалиевас.

### ЧчугІаги гІезабула

ГІи-боцІи гуребги гьез гІезабулеб буго ччугІаги. Гьез ччугІа гІезабизе байбихьана лъабго соналъ цебе. Аслияб къагІидаялъ гІезабулеб буго сазан, толстолобик, асетровияб бестер. МагІишаталда цебеккунго гьарун рукІана гьел риччазе хІорал. Ихдал нижеца росана хІоринире риччазе I0000 бетІер сазаналъул,-ян бицана СППКялъул председатель М-ХІ. Имангъазалиевас. Темиргое росдал маг1ишатаздаса росана г1исинал ччуг1би. Гьел ч1ах1иял г1ола ва хаслихъе ричула. Гьезие бихьизабураб заманалда квен кьола ва цогидалги хъулухъал гьарула МусахІажиев Жамалица.

Нагагь ччугІа унтулеб бугони яги кислород гІолеб гьечІони гьелги рачун МахІачхъалаялде ине ккола лабораториялде хал гьабизе. Гьез чІезабула унти ва гьезул бихьизабиялда рекъон дару-сабабги гьабула. ЧчугІа унтичІого букІиналъе зама-заманалда кьезе ккола лъел анализ ва гьаризе ккола цогидалги хІалтІаби. Гьезул рихьизариял букІине кколедухъ тІуразаруни ччугІбузул унта-щокълъи дагьаб гурони букІунаро,-ян бицана СППКялъул нухмалъулез.

***ГІ. МУХІАМАДОВА.***

### «Правда и справедливость» форумалдаса хадуб

(Путиница тІад къана печатниял изданиязе квербакъизе)



Россиялъул Президент В. В. Путиница жиндирго правительствалда т1адкъана улкаялда информационнияб ишалъе х1ажалъулеб бюджет харж гьабиялъул, гьелда хурхун чиновниказул х1алт1ул рагьун бицине, хасго к1вар кьуна регионазул СМИял кквеялъе хьезари бук1инабиялде. Гьелда т1адеги целюлезниябгун бумажнияб продукция багьалъизе биччангут1изе тадбирал гьаризеги бихьизабуна.

Лъидаго рач1ел ва регионалиял МСИязул II медиафорумалъул х1асилазул х1акъалъулъ улкаялъул бет1ерасул рихьизариял лъун руго Кремлялъул официалияб сайталда гьаб соналъул 28 февралалда.

РФялъул информационнияб ишалъе ва гьелъие квербакъизе кьолеб бюджеталъул ассигнование харж гьабун бугеб куцалъул къват1ибе кьезе бихьизабун буго гьаб соналъул 1 октябралде щвезег1ан.

## Иргадулаб данделъи

Араб итни къоялъ райадминистрациялда тІобитІана щибаб бутІаялда хІалтІул иналъул бицараб данделъи. Райадминистрациялъул бетІерасул ишал тІуралев ГІ. НурмухІамадовас гьеб байбихьана Заманалъулаб поселокалда бугеб хІалалдасан. КТОялъ гьарурал заралал рукІалиде ккезаризе гьенире рехулел руго заманалъулал рукъзал. Гьединго Унсоколо район гІуцІун 80 сон тІубаялде буссараб кІалъай гьабуна культураялъул управлениялъул начальник ХІ. МухІамадовас, ЕГЭялъул хІасилазул бицана лъай кьеялъул упрвлениялъул нач. Л. МухІамадгІалиевас, жидерго хІалтІулал бакІазул хІалтІул иналъул бицана «Ахихъан» газеталъул редактор С. КъебедмухІамадовалъ, поселокалда сверухъ рацІцІалъи чІезабиялъул бугеб хІалалда тІадчІей гьабуна ЖККязе нухмалъулев А. ГІабдулхаликъовас.

Данделъиялда ГІ. НурмухІамадовас тІадчІей гьабуна райадминистрациялда ва учреждениял организациязда гІемерал хиса-басиял рукІине ругилан.

22 июнь - КІудияб ВатІанияб рагъ байбихьараб къо

## ТІокІаб бихьугеги нилъеда рагъ!

I942 соналъул 22 июнь – щамат къо, советияб халкъалъул ракІазулъ даимго хутІана чІегІераб къолъун. Гьеб къоялъул рогьалилъ, ракълилаб къотІиги хвезабун, Советияб улкаялде тІаде кІудияб рагъулаб къуватгун кІанцІана гитлерилаб Германия. Гьеб хъамалчилъиялъулаб чабхъеналъ гьоркьоб къотІизабуна нилъер улкаялъул халкъалъул ракълилаб гІуцІарухъанлъиялъул захІмат. Нилъер ВатІаналда тІад чІегІераб накІкІлъун тІибитІана хвалилаб хІинкъи.

ВатІаналъул гІорхъабазда цІан букІана Европаялъул чанго пачалихъ бидул хІориниб тІерхьинабураб, 5,5 миллион чи гъорлъе вачараб, I90 гІан фашистазул дивизия. Гьезул рагъулаб группировкаялда рукІана 47 азаргоялдаса цІикІкІун гІарадагун миномат, 4,3 азаргогІан танкал ва штурмовикал, гьединго 5000 рагъулаб самолет.

Гьеб къуваталде данде чІун рукІана СССРалъул бакътІерхьул гІорхъабазда ругел рагъулал округазул 26 млн. солдатгун офицер, 37 азарго гІарадагун миномет, I457 танк, I540 рагъулаб самолет ва цогидабги техника.

Гитлерилаз киназдаго рагІизабун абулеб букІана жидеца нилъер улкаялда пиригІан хехаб рагъ гьабизе бугин ва бергьенлъи босизе бугин.

Тушманасул гьел хьулал тІурачІо. РухІалда барахщичІого къеркьана советиял гІадамал ВатІан цІунизелъун ва гьез кІудияб бергьенлъиги босана.

ВатІанияб рагъул щибаб къо, щибаб лъугьабахьин советиял рагъухъабазулги, тылалъул захІматчагІазулги букІана къвакІиялъулги, къо хІехьеялъулги, багьадурлъиялъулги кІочон толареб къисалъун.

Биччанте, тІокІаб киданиги нилъеда рагъул кьогІлъи лъангутІизе, халкъазул вацлъи, гьудуллъи щулалъизе.

*«Почта России» до конца года планирует открыть в 11 крупнейших городах РФ отделения нового формата, где будут действовать зоны круглосуточного обслуживания. Будут запущены дополнительные центры выдачи и приема посылок, обслуживания юр. лиц. Там разместятся почтамты для самостоятельного получения посылок, платежные терминалы и банкоматы с функцией выдачи наличных. Также опробует расширение возможностей обслуживания на дому, включая оснащение почтальонов терминалами для оплаты услуг.*

## СОБРАНИЕ ДЕПУТАТОВ МУНИЦИПАЛЬНОГО ОБРАЗОВАНИЯ «СЕЛО ЦАТАНИХ» УНЦУКУЛЬСКОГО РАЙОНА

РЕШЕНИЕ

15 июня 2015 года № 8 с. Цатаних

О НАЗНАЧЕНИИ ВЫБОРОВ ДЕПУТАТОВ СОБРАНИЯ ДЕПУТАТОВ МУНИЦИПАЛЬНОГО ОБРАЗОВАНИЯ «СЕЛО ЦАТАНИХ»

В соответствии с пунктами 3, 6 и 7 Федерального закона «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации», частями 2, 4.1. и 5 статьи 12 Закона Республики Дагестан от 6 июня 2009 года № 50 «О муниципальных выборах в Республике Дагестан», статьей 12_ Устава муниципального образования «село Цатаних» Унцукульского района, Собрание депутатов муниципального образования «село Цатаних» Унцукульского района постановляет:

1. Назначить выборы депутатов Собрания депутатов муниципального образования «село Цатаних» Унцукульского района пятого созыва на 13 сентября 2015 года.

2. Направить настоящее постановление для официального опубликования в районную газету «Садовод».

3. Разместить настоящее постановление на сайте Администрации Унцукульского муниципального района в сети «интернет».

**Председатель Собрания депутатов Н. Сайпулаев**
**Секретарь Собрания депутатов М. Кусалаев**

## СОБРАНИЕ ДЕПУТАТОВ МУНИЦИПАЛЬНОГО ОБРАЗОВАНИЯ«СЕЛЬСОВЕТ ИШТИБУРИНСКИЙ» УНЦУКУЛЬСКОГО РАЙОНА

РЕШЕНИЕ

15 июня 2015 года № 7 с. Иштибури

О НАЗНАЧЕНИИ ВЫБОРОВ ДЕПУТАТОВ СОБРАНИЯ ДЕПУТАТОВ МУНИЦИПАЛЬНОГО ОБРАЗОВАНИЯ «СЕЛЬСОВЕТ ИШТИБУРИНСКИЙ»

В соответствии с пунктами 3, 6 и 7 Федерального закона «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации», частями 2, 4.1. и 5 статьи 12 Закона Республики Дагестан от 6 июня 2009 года № 50 «О муниципальных выборах в Республике Дагестан», статьей _12_ Устава муниципального образования «СЕЛЬСОВЕТ ИШТИБУРИНСКИЙ» Унцукульского района, Собрание депутатов муниципального образования «СЕЛЬСОВЕТ ИШТИБУРИНСКИЙ» Унцукульского района постановляет:

1. Назначить выборы депутатов Собрания депутатов муниципального образования «СЕЛЬСОВЕТ ИШТИБУРИНСКИЙ» Унцукульского района пятого созыва на 13 сентября 2015 года.

2. Направить настоящее постановление для официального опубликования в районную газету «Садовод».

3. Разместить настоящее постановление на сайте Администрации Унцукульского муниципального района в сети «интернет».

**Председатель Собрания депутатов М. Г. Сайгидов**
**Секретарь Собрания депутатов А. М. Гаджиев**

## СОБРАНИЕ ДЕПУТАТОВ МУНИЦИПАЛЬНОГО ОБРАЗОВАНИЯ«СЕЛЬСОВЕТ КАХАБРОСИНСКИЙ» УНЦУКУЛЬСКОГО РАЙОНА

РЕШЕНИЕ

15 июня 2015 года № 9 с. Кахабросо

О НАЗНАЧЕНИИ ВЫБОРОВ ДЕПУТАТОВ СОБРАНИЯ ДЕПУТАТОВ МУНИЦИПАЛЬНОГО ОБРАЗОВАНИЯ «СЕЛЬСОВЕТ КАХАБРОСИНСКИЙ»

В соответствии с пунктами 3, 6 и 7 Федерального закона «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации», частями 2, 4.1. и 5 статьи 12 Закона Республики Дагестан от 6 июня 2009 года № 50 «О муниципальных выборах в Республике Дагестан», статьей _12_ Устава муниципального образования «СЕЛЬСОВЕТ КАХАБРОСИНСКИЙ» Унцукульского района, Собрание депутатов муниципального образования «СЕЛЬСОВЕТ КАХАБРОСИНСКИЙ» Унцукульского района постановляет:

1. Назначить выборы депутатов Собрания депутатов муниципального образования «СЕЛЬСОВЕТ КАХАБРОСИНСКИЙ» Унцукульского района пятого созыва на 13 сентября 2015 года.

2. Направить настоящее постановление для официального опубликования в районную газету «Садовод».

3. Разместить настоящее постановление на сайте Администрации Унцукульского муниципального района в сети «интернет».

**Председатель Собрания депутатов М. Л. Магомедов**
**Секретарь Собрания депутатов А. А. Абдулаев**

## СОБРАНИЕ ДЕПУТАТОВ МУНИЦИПАЛЬНОГО ОБРАЗОВАНИЯ«СЕЛО ХАРАЧИ» УНЦУКУЛЬСКОГО РАЙОНА

РЕШЕНИЕ

15 июня 2015 года№ 7 с. Харачи

О НАЗНАЧЕНИИ ВЫБОРОВ ДЕПУТАТОВ СОБРАНИЯ ДЕПУТАТОВ МУНИЦИПАЛЬНОГО ОБРАЗОВАНИЯ «СЕЛО ХАРАЧИ»

В соответствии с пунктами 3, 6 и 7 Федерального закона «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации», частями 2, 4.1. и 5 статьи 12 Закона Республики Дагестан от 6 июня 2009 года № 50 «О муниципальных выборах в Республике Дагестан», статьей _12_ Устава муниципального образования «СЕЛО ХАРАЧИ» Унцукульского района, Собрание депутатов муниципального образования «СЕЛО ХАРАЧИ» Унцукульского района постановляет:

1. Назначить выборы депутатов Собрания депутатов муниципального образования «СЕЛО ХАРАЧИ» Унцукульского района пятого созыва на 13 сентября 2015 года.

2. Направить настоящее постановление для официального опубликования в районную газету «Садовод».

3. Разместить настоящее постановление на сайте Администрации Унцукульского муниципального района в сети «интернет».

**Председатель Собрания депутатов М. М. Магомедов**
**Секретарь Собрания депутатов А. Х. Зияудинов**

*Къо-мех лъикI, ясли-ах*

# ЛъималазуI ракIазулъ хутIулеб тадбир

ГIадатлъун лъугьун буго риидалил заманалда ясли-ахалъулгун чIахIиял группабазул лъималаз къо-лъикI гьабулеб. Гьелде ясли-ахалъул хIалтIухъабаз хIаракат бахъула унго-унгояб байрам гIадин тIобитIизе. Гьединаб тадбир гьал къоязда тIобитIана № I «Ромашка» ахикь.

Ясли-ахикье ракIарун рукIана берцинго ретIа-къан къачIарал лъимал гурелги гьезул улбул, лъай кьеялъул управлениялдаса ва цогидалги учрежденияздаса вакилзаби. ДанделъитIобитIизе бугеб зал къачIан букIана берцинго. Къадазда мокрукь ран рукIана берцинал кьеразул шарал, плакатал, гордазда, столалда лъун рукIана тIугьдул.

Исана «Ромашка» ясли-ахалдасан школалде ине руго 20 выпускник. Гьел руго лъикIаб тарбияги лъайги щварал лъимал.

Тадбир рагьана ва баркиялъул къокъабго кIалъай гьабуна логопед М. ХIасановалъ. Берцинаб музыкаялда гъоркь залалде рачIана исана школалде рачунел лъимал. Гьез рикIкIана ясли-ахалде ва воспитательзабазде гьарурал кучIдул. Гьоркьохъел саназул группаялъулаз школалде унел гьитIичазе сайгъат гьабун рикIкIана кучIдул ва гьаруна кьурдабиги. Школалде унез гьезие кьуна игрушкаби. Лъимал гьездаса роха-хинлъун рукIин бихьулеб букIана. Тадбиралда рихьизарулел рукIана лъималазул махщалил видеофильмал.

Ясли-ахикь цIикIкIараб кIвар кьолеб буго лъималазе интернационалияб тарбия кьеялде. Гьеб бигьаяб иш гуро лъималазда бичIчIизебизеги малъизеги. Тадбиралда, бихьизабуна индиязул кьурдаби, гьединго хьергебдерил кьурдиги. Щибаб кьурдиялда данде кколеб формаги бугоан гьитIичазул.

Цо заманалдаса залалде вачIана ЦIорол Дада. Гьес лъималазда баркана гьабулеб тадбир ва бицана жив мекъи ккун вугин, жинда ЦIияб сон кIодо гьабулел ругин нужилан ккун букIанилан. Лъималаз гьесие кучIдул рикIкIана ва ЦIорол Дадаца гьезие школалъул хIакъалъулъ биценкIаби кьуна. Лъималаз гьесие битIарал жавабалги кьуна.

*(Ахир 4 гьумералда)*

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 25 (7165)*
*19 июнь 2015 сон*

*3 гьумер*

***Рамазан моцIалъул хIурматалда Ах1улгохIда букIана зиярат. Гьенире рачIун рукIана гIемерал тIадехун ругел районаздаса имамал, цIаларал ва гIадатиял гIадамал. Хасго гIемерал гIадамал рачIун рукIана Шамильский районалдаса. АхIулгохIде гьабулеб зияраталъе нухмалъи гьабуна ва мажлис нухде бачана гьебго районалъул имам ХIасан-хIажи МухIамадовас. Гьес росабазул имамзабазе гьабуна вагIза-насихIат, ахIана битIараб нух кквезе, дунялалда цадахъ дин гьабизе кколилан бичIчIизабуна имамас.***



Дин ва гIумро

# Рамазан: **чуре дурго мунагьал**

Рамазан моцIалъул хиралъиги, цогидал моцIазде дандеккун гьелъул бугеб тIокIлъиги лъаларев чи ватиларо. Кин бугоиниги, Аллагьасул цIаралдалъун байбихьиги гьабулаго, ният ккана цоги нухалда гьелъул бицине., гьаб моцIалъул хиралъи ракIалде щвезабизе.

### КIАЛ ККУРАВ ЧИЯСУЛ КЬИЖИ ГIИБАДАТ

ТIадегIанав Аллагьас Къуръаналда абулеб буго (магIна): «Ле иман лъурал чагIи, нужеда тIадаблъун гьабун буго Аллагьас кIал кквезе, нужеда цере рукIарал умматазе гьабун букIарабго гIадин, нуж мунагьаздаса цIунун хутIизелъун» («Бакъарат», I83).



КIал кквеялъ, мунагьалъул цебехъанлъун жиб бугеб шагьват бекула.

Абугьурайратица бицана: «рамазан бачIарабго аваргас асхIабзабазда рохел бицунаан ва абулаан: «Нужеде тIаде бачIун буго баракатаб моцI, жиндилъ кIал ккезе Аллагьас паризаяблъун ва къаси тIаде рахъун сордо чIаго гьабизе суннатаблъун гьабураб. Рамазан моцI бачIарабго алжаналъул каваби рагьула ва жужахIалъул нуцIби къала, гьеб моцIалъ шайтIабиги рухьуна ва рамазаналъулъ буго азарго моцIалдаса хирияб цо сордоги»,-абун. ТIадегIанав Аллагьас рамазан моцIалъе гьарун руго гIемерал хаслъаби: гьеб гьабун буго баракатаб, къадру цIикIкIараб моцIлъун, гьелъулъ буго цо сордо азарго моцIалдаса хирияб, гьелъулъ кIал кквезе паризаяблъун гьабун буго, сардал рорчIизе суннатаблъун бихьизабун буго. Щив чи вугониги цо лъикIлъи гьабун, гьев релъуна цоги заманалда лъабкъоялда анцIго паризаяб гIамал гьабурасда. Рамазан ккола сабру гьабиялъул моцI, сабруялъул жаза,-ян абуни ккола алжан. Рамазан ккола гIадамаз цоцазе боцIудалъун кумек гьабулеб моцI, муъминчиясул ризкъи цIикIкIунеб, кIал ккурав чиясе щола лагъ тархъарав гIадаб кири, кIал ккурав гIорцIизавурасе ялъуни гъекъезе лъим кьурасе Аллагьас кьола жиб гьекъон хадуб киданиги къечолареб гьекъолеб жо. Гьеб ккола жиндир авал- рахIматлъун, бакьулъ бакI – мунагьал чурилъун, ахир – жужахIалдаса тархъилъун бугеб моцI. Рамазан моцIалъ гьабизе лъикIаб буго ункъго пиша: кIигояб – нилъедаса Аллагь разилъулеб, кIигояб – нилъее чара гьечIого къваригIунеб. Нилъедаса Аллагь разилъулеб кIиго гIамал ккола шагьадат битIиги, истигъфар гьабиги. Нилъее чара гьечIого къваригIунеллъун ккола БетIергьанасда алжан гьариги, жужахIалдаса цIуни гьариги. КIал ккурав чиясул кьижи гIибадат буго, гьесул х1ухьел тасбихI буго, гьесул дугIаялъе жаваб гьабула, гIамалги чанцIулго кIодо гьабула. Цо гIалимас абун буго: «Вакъарав чи кьижун вугеб мехалда гьесдаса шайтIан лъутула, гьев ворчIун вугеб мехалда кин тIурилареб? ВорчIун вугев чи гIорцIун вугони, щайтIан хьвадула гьесул бидурихьазулъ, гьев кьижун вугони киндай хьвадилареб?»,-абун.

### ЖУЖАХIАЛДАСА ЦIУНУЛЕБ КЪОЛДЕН

Хирияв аварагасул хIадисалда буго: «Щив чи вугониги рамазаналъ кIал ккун Аллагьасдаги божун, гIицIго Гьесие гIоло, Аллагьас гьесул церехун аралги хадур гьаруралги (гьитIинал) мунагьал чурула»,-ян. Абугьурайратица бицараб хIадисалда буго: «Нужер БетIергьанас абулеб буго: Адамил лъимералъ гьабулеб кинабниги лъикIлъи цIикIкIинабула анцIгоялдаса анкьнусгоялде щвезегIан, кIал хутIизегIан. КIал буго Дие ва Дица жаза гьабула гьесие. Гьес тола жиндиего бокьараб жо Дие гIоло»,-ян. КIал буго жужухIалдаса цIунулеб къолден, гьеб ккурасул кIалдиса букIунеб махIги Аллагьасда аскIоб цIикIкIун лъикIаб буго мискалдасаги. Нужер цонигияс кIал ккураб мехалъ хъубал рагIаби абуге, шаргIалъул гIорхъабиги рахунге. Цониги чи гьесде вагъани яги хьандани, гьес абе дица кIал ккун буго»,-ян (Тирмизи).

Маликил вас Анасица бицана: «КIал ккурал гIадамал къиямасеб къоялъ, хобаздаса къватIире рахъуна ва ратIа рахъизе лъала ккурал кIалаздалъун, гьездаса бугеб махIалъ. Гьезул кIалдиса бачIуна мискалдаса гьуинаб махI, гьезухъе росула тIиритIарал сурпаби, кIалазда мискалъул мугьру чIварал парччал ва абула: «Нужеца кванай, нуж ракъун рукIана цогидал гIорцIун ругеб мехалда. Цо асаралъулъ буго: «Алжан къачIадула щибаб соналъ рамазан бачIунелъул. Рамазаналъул тIоцебесеб сордоялъ ГIаршалда гъоркьа гьури пула, алжаналъул тIамхал рагъаризарула ва гьелъул гьаракь бахъуна жиндаса лъикIаб гьаракь цоги гьечIеб гIадаб. Сонадаса соналде хIурулгIинзабиги къачIадула ва алжаналъул рагъабаздеги рахъун гьез ахIула: «Аллагьасда ниж гьарулев чи гьечIищ, Гьес ниж лъудбилъун кьезе?»,-ян. Цинги гьез гьикъула: «Я, Ризван, гьаб щиб сордо?»,-ян. Гьес лабайкаян ахIула ва цинги абула: «Гьаб буго рамазан моцIалъул тIоцебесеб сордо»,-ян. ТIадегIанав Аллагьасги абула: «Я Ризван, дуца алжаналъул нуцIби рагье МухIаммадил умматалъул кIал ккурал чагIазе. Ле, ЖабрагIил, мун рештIа ракьалде ва рухье къосарал щайтIаби, гьезда гудралги рай, цинги гьел рехе ралъдал гъварилъуде, МухIаммадил умматалъул кIал ккуразул кIал хвезабичIого букIине». Гьединго, рамазан моцIалъул щибаб сордоялъ Аллагьас абула: «Тавбу гьабулев чи гьечIищ, Дица тавбу къабул гьабизе, мунагьал рахчи тIалаб гьабулев чи гьечIищ, Дица мунагьал чуризе, гьарулев чи вугищ, Дица гьесие гьарараб кьезе, дугIа гьабулев чи гьечIищ Дица гьесул дугIа къабул гьабизе»,-абун. ТIадегIанав Аллагьас щибаб рамазаналъул къоялъ тIубараб моцIалъ тархъан гьаруралгIанисел чагIи хвасар гьарула жужахIал даса. ТIадегIанав Аллагьас МухIамадил умматалъе кьун буго лъиего кьечIеб, азарго моцIалъ гьабуралдасаги жиндилъ гьабураб гIибадат Аллагьасда аскIоб хирияблъун бугеб сордо- лайлатул къадри. Чанабилеб сордоялъ гьеб букIунебали бахчун тана Халикъас, нилъеца гьелде хьул лъун, гIибадаталъе цоги сардазулъги жигар бахъизелъун.

# ТаравихIазул какал

ГIалиасхIабас бицунеб буго «Дица цо нухалъ Аварагасда (с. т. гI. в.) цIехана таравихIазул каказул хиралъиялъул хIакъалъулъ ва Аваргас (с. т. гI. в.) абуна:

I-себ сордоялъ таравихIал рарасул Аллагьас мунагьал чурула.

2-леб сордоялъ таравихIал рарасул ва гьесул эбел-инсул, гьел бусурбаби ратани, мунагьал чурула.

3-леб сордоялъ таравихIал рани ГIарщалда гъоркьан малаикас ахIула «ХIакълъунго Аллагь вацIцIадав вуго ва тIадегIанав вуго. Гьес дур цере аралщинал мунагьал чурула.

4-леб сордоялъ таравихIал рарасе хъвала Таврат, Инжил, Забур, Къуръан цIаларасе гIанисеб кири.

5-леб сордоялъ таравихIал рарасе Масжидул хIарамалда Мадинаялъул масжидалда ва масжидул Акъваялда какал раразул кири хъвала.

6-леб сордоялъ таравихIал рарасе кьола «Байтул магI- муралда» сверун тIавап гьабурав чиясе кьолебгIан кири.

7-леб сордоялъ таравихIал рарав чи Аллагьас ПиргIав- ниде данде вахъарав Мусал макъамалде вахинавула.

8-леб сордоялъ таравихIал рарав чиясе Аллагьас Иб- рагьим аварагасул макъам кьола.

9-леб сордоялъ таравихIал рарав Аллагьасде гIагарав лагъасда ващалъула.

I0-леб сордоялъ таравихIал рарасул кваналеб жоялде Аллагьас баракат лъела.

II-леб сордоялъ таравихIал рарас гьаб дунял тела лъи- мералъ эбелалъул тIончIорукъ гIадин бокьун.

I2-леб сордоялъ таравихIал рарав Къиямасеб къоялъ бакъ гIадин гвангъун гьумергун вахъина.

I3-леб сордоялъ таравихIал рарав киналго балагьаздаса цIунаралъун вукIина.

I4-леб сордоялъ таравихIал рарав малаикзабаз нугIлъи- ги гьабун Аллагьас Къиямасеб къоялъ цIунаравлъун вукIина.

I5-леб сордоялъ таравихIал рарасе малаикзабаз, хасго ГIарщ баччараз рецц гьабила.

16-леб сордоялъ таравихIал рарав ЖужахIалдаса хвасар гьавун Алжаналде витIила.

I7-леб сордоялъ таравихIал рарасе Аллагьас жиндаго аскIоб кIудияб даража кьела.

I8-леб сордоялъ таравихIал рарасде Аллагьас ахIила «Я гьав, Дир лагъ, Дун дудасаги дур эбел-инсудасаги рази вуго».

I9-леб сордоялъ рани, гьев Фирдавус алжаналъул да- ражаялде вахинавула.

20-леб сордоялъ рани, гьесие Аллагьас шагьидзабазе ва лъикIал лагъзадерие гIадаб кири хъвала.

2I-леб сордоялъги рани, Аллагьас гьесие алжаналъуб нуралъул хъала бала.

22-леб сордоялъ рани, гьев чи ургъел-къварилъабаздаса божарав чи вукIуна

23-леб сордоялъги рани, Аллагьас гьесие Алжаналъуб шагьар бала.

24-леб сордоялъ рани, Аллагьас гьесул дугIаби къабул гьарила.

25-леб сордоялъги рани, гьев хабал гIазабаздаса хвасар гьавула.

26-леб сордоялъ рани, Аллагьасда аскIоб гьесул бугеб даража 40 нухалъ цIикIкIуна.

27-леб сордоялъ рани, гьев чи СиратIалъул кьодасан пиригIан хехго ина.

28-леб сордоялъги рани, гьесие Аллагьас Алжаналда I000 даража цIикIкIинабила.

29-леб сордоялъ рани, Аллагьас абила: «Я Дир лагъ, дуца лазат босе Алжаналъул пихъаздаса ва гьекъе Кавсар гIоралдаса, Дун мун вижарав вуго, мун Дир лагъ вуго».

Гьедин хира гьарурал какал ккола таравихIазул какал. Воре жигар бахъе кIванагIан мажгитазда, жамагIаталда цадахъ таравихIал разе.

# Лъималазул ракIазулъ хутIулеб тадбир

Ахиралда лъималаз ахIана Дагъистаналъул гимн.

Ясли-ах лъугIун унел гьитIичазда баркиялъул кIалъай гьабуна ясли-ахалъул психолог МухIамадхIажиева Раисатица, чIахIиял саназул группаялъул воспитательница Шихичуева ПатIиматица. Гьез жидерго кIалъаязда гIицIго баркиялъул кIалъай гьаби гуребги, баркала загьир гьабуна ясли-ахалъул методисталъе, музыкалияй хIалтIухъаналъе ва тIолабго ясли-ахалъул педагогазе. ЛъикIал улбузухъе кьуна баркалаялъулал кагъталги. Гьединго ясли-ахалдаса унел лъималазе кьуна ракIалде щвеялъе сайгъатал.

Баркиялъул кIалъай гьабуна гьитIичазул кIудиял улбул БатIалова ПатIимат ва ХIасанова Муи, к1алъана лъай кьеялъул управлениялъул методист У. МухIамадоваги. Ахиралда



киназдаго байрам баркун кIалъана «Ромашка» ясли-ахалъул зав. З. МухIамадова. Гьелъ лъикI хIалтIарал хIалтIухъабазе кьуна гIарцулал сайгъатал. Хадуб киналго гIодор чIана чайдул чашкаялда нахъа.

Тадбир ана тIадегIанаб даражаялда, лъималазул рекIелъ хутIуледухъ

ГI. МУХIАМАДОВА.

## ХIакъикъиял гуреллъун рикIкIуна

20I2 соналъул 20 июналда Балахьуни гьоркьохъеб школалъ Ерощенко Алена Николаевналъул цIаралда кьураб 05 АБ сериялъул №0074543 бугеб гьоркьохъеб школа лъугIиялъул аттестат тIагIун буго. Гьеб гьанжеялдаса нахъе хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.

* * *

20I2 соналъул 20 июналда Балахьуни гьоркьохъеб школалъ Дарбишева Калимат МухIамадовналъул цIаралда кьураб 05 АБ сериялъул № 0074544 бугеб гьоркьохъеб школа лъугIиялъул аттестат билун буго. Гьеб гьанжеялдаса хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.

* * *

2004 сонaлда Шамильхъалаялъул гьоркьохъеб гIаммаб лъай кьеялъул школалъ МуртазагIалиев ХIажияв АхIмадовичасул цIаралда кьураб Б сериялъул № I474735 бугеб гьоркьохъеб лъаялъул аттестат билун буго. Гьеб гьанжеялдаса хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.

* * *

2009 соналъул 24 июналда Шамильхъалаялъул комплексалъ ХIайдарова Сакинат Мухтаровналъул цIаралда кьураб 05 сериялъул АА № 0075242 бугеб гIаммаб лъай кьеялъул аттестат билун буго. Гьеб гьанжеялдаса нахъе хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.

* * *

2009 соналъул 24 июналда Шамильхъалаялъул цIалулгун тарбия кьеялъул комплексалъ ХIайдарова Аминат Мухтаровналъул цIаралда кьураб 05 сериялъул АА № 0075234 бугеб гIаммаб лъай кьеялъул аттестат билун буго. Гьеб гьанжеялдаса нахъе хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.

# *Поздравляем!*



От всей души поздравляем весь коллектив медицинских работников Унцукульского района с замечательным праздником Днем медицинского работника!

Труд медицинского работника нелегок, но всегда почетен и требует особых нравственных качеств: милосердия, чуткости, способности разделить чужой боль и страдание. Ведь от профессионального мастерства каждого медика, работы с полной самоотдачей зависит самое дорогое – человеческая жизнь.

Уважаемые коллеги, крепкого Вам здоровья, личного счастья, успехов в работе, благополучие в семье.

***А. МАГОМЕДОВА.***
***Главный врач Центральной районной больницы***

## *Пайдаял малъиял*

* ЦIам цIикIкIун хIатIил угъдул унтизе байбихьани, цIинидул кьалбал журан гIаракъи щибаб нухалъ кваналалде цебе цо-цо гъуд цIун гьекъе.

* Макъуги щоларого, бетIер унтани,тIаде вахъун капустаялъул кIудияб кесек кванай.

* Седалищнияб нервалъул унтиялъ гIазаб кьуни, бухIизабураб кирпич гьелда тIадги лъун кьижа.

* Щибаб квандаса хадуб хIанил кесек хIанчIани, хIапароялъ кванан дур гIус кидаго унтиларо.

* Бавасур, ай гемарой унтун би чвахуларо, ламадуралъул хоро гьалун чай гьекъани.

* Спирталъулъ ва гьацIулъ жубараб прополис бищунго пайдаяб дару ангинаялъе.

* Заз къвараб килищ дуца нартилъги ччун тани, гьеб къватIибе бахъизе дуе цIакъ бигьалъула.

* БухIараб бакIалда чIвай гIисин гьабун ламадур ва гьединго гъарцIиги, кастораълул нахулъ журан.

* Ниха рахьдалъ гьализабун гьекъолеб бугони, астмаялъ унтарасе хIухьел цIазе бигьалъула.

## *Унеб буго подписка*

Киса-кибего гIадин гьабсаг1аталда унеб буго газетазегун журналазе бащдаб лъаг1алие подписка гьаби. Гьеб гьабулеб буго районалъул «Ахихъан» газеталъеги.

Районалда ва республикаялда бугеб ахIвал-хIал, экономикаялъул, социалиял, культуриял, лъай кьеялъулгун сахлъи цIуниялъул бутIабазда кколел хиса-басиязул, нилъерго тарихалъул, диналъул, пайдаял малъа-хъваязул лъазе бокьани хъвай «Ахихъан» газета.

Почтамталдасан бащдаб лъагIалие ккола 135 гъурущ, редакциялдасан 50 гъурущ.

# *ХъахIабросулъ цIияб мажгит рагьана*

I3 июналда Унсоколо районалъул ХъахIабросулъ цIияб авалмажгит рагьана. Рохалилаб тадбиралде рачIун рукIана Хьаргаби, Гумбет ва Унсоколо районазул росабазул мажгитазул имамзаби. Районалъул имам, ГIаймакиса ГIали-хIажиясул вагIза-насихIаталъ рази гьаруна хъахIабросдерил жамагIат. ЧIагояв малаик



вихьизе бокьарав чи ГIаймакиса ГIалихIажи вихьизе а,-ян абун букIун буго ЧIикIаса КIудияс (къ. с.). Гьединаб къимат кьурав гIалимчи районалъул имамлъун теялдаса рохун руго ниж. ЦIакъ лъикIаб вагIзанасихIат гьабуна ва суалазе жавабал кьуна районаздаса росабалъа имамзабазги.

Къаде какалги ран кванан хадуб букIана чIорбутI речIчIиялъул къец. ТIоцебесеб бакI босана Унсоколоса ИсхIакъов ХIожоца. КIиабилеб бакIалде вач1ана Унсоколо росдал бетIер ГIабдулмажидил МухIамад. Лъабабилеб бакI щвана ГIашилтIаса Баширие. ГIарцул сайгъатал кьуна гьезие.

***ГIали НАЗИРБЕГОВ.***
***ХъахIабросо.***


Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация Унцукульского района

Главный редактор

САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
с. Унцукуль
ул. Мустафаева 28

Телефон редактора
55-63-07
sadovoduns@yandex.ru

Адрес издателя:
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать -18 . 6. 15 г. 16.30
фактически -18.20 мин.
........................................
Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках
Тираж - 1500 экз.